

19 Oktob 2020

## KOUT REL POU REVEYE NASYON AN

Jounen jodi a peyi nou an tonbe nan dezawa, pèp la tout entye ap chèche yon bonjan kaptenn ki pou mennen bak la.

Si se tout bon, nan konstitisyon 87 la pèp la te chwazi rejim politik demokrasi reprezantatif, wout eleksyon an ta sipoze chimen ki pi dwat ki ta ka remete kanpe aparey leta nan lide pou renouvle dirijan nou yo pou vini rezoud tout kalite pwoblem.

Men kounye a nap poze anpil keksyon pou konnen ki sa eleksyon nan moman sa a kap pote pou peyi a, Le nou konnen ensekirite a ap ravaje peyi a, divizyon menm se pa pale, malsite, grangou mizè traka tout ansanm fe youn, yon bon pati nan sosye sivil la, mare nan pye tab. Pa gen enstitisyon ki ka frape lestomak yo, pèp la pedi konfyans nan elit la,

Nou gen anpil ekzanp nan tan pase yo, kote chak eleksyon ki fèt nan move kondisyon, pèp la mete kò l sou kote , li pa patisipe , kidonk absans pèp la nan eleksyon sa yo se sa ki mete an dout lejitimite eli yo ki oblije yo plis jere kriz youn apre lot olye pou yo asire byenet pèp la epi kenbe peyi a estable. Depi diktati papa dòk te finn ale a, demokrasi a ap make pa sou plas, pèp la pa finn kwè lap batay pou demokrasi lap reve depi lontan an.

**Lè nou konsidere , sa nou wè ak sa nou viv sou koze eleksyon nan peyi dayiti, nou pito kwè eleksyon kounye a ak klima politik malouk sa ap sèlman rann kriz la vinn pi grav,**

Bon sans ak bonjan limyè nou genyen , fè nou kwè nou dwe chèche kreye bon jan kondisyon ki nesèsè pou n ka fè eleksyon ki onèt kredib nan sekirite ak patisipasyon tout ayisyen.

Li lè li tan poun refonde nasyon nou, yon refondasyon ki dwe fèt nan tèt frèt ak konfyans, pandan nap mete kanpe enstitisyon korèk epi nan fè promosyon pou yon elit ki responsab ak patriyòt, se pou sa nou mande anko jounen jodi a mete kanpe nan yon ti tan tou kout , yon tranzisyon pou refonde peyi a, yon tranzisyon kap gen pou misyon :


- 1) Kreye yon klima lape pou garanti konfyans
- 2) Oganize dyalog ak tout sekte yo pou nou ka di ki wout peyi a ap pran.
- 3) Sevi avek konklizyon dyalog sa pou nou travay sou yon lòt konstitisyon
- 4) Mete kanpe tout gwo enstitisyo leta yo
- 5) Oganize eleksyon jeneral.

Tout kalkil nou montre n pap ka gen konfyans si aktè yo pa kredib, patriyòt epi konpetan pandan yap chèche ranpli misyon yo nan kad tranzisyon fondatris la.

Kolektif 4 desanm , ki se yon regroupman sitwayen ak òganizasyon ki toujou fè pwomosyon pou yon lòt modèl sitwayen, mete l prè pou akonpaye pwosesis la epi bay tèt li wòl fasilite san li pap panche yon bo. Pou byen ayiti ak tout moun kap viv isit kou lot bo dlo.

Kolektif la fè gwosè kout rèl sa, pou tout patriyòt Nasyon an ka rasanble epi kanpe sou brenzeng yo pou refonde peyi nou an.

Viv Konsètasyon ak tout moun, Viv tranzisyon fondatris la, vive konfyans kap tabli nan tout nasyon an  
Viv Ayiti !



Jean-Robert Argant  
Kòdonatè jénéral